# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

सर्वोच्च न्यायालय, संभल क स्थानीय अदालत से कहले हवे कि ऊ चंदौसी में शाही जामा मस्जिद के खिलाफ मोकदिमा क सुनवाई तबले न करे, जब ले कि सर्वेक्षण आदेस के खिलाफ मस्जिद समिति क याचिका इलाहाबाद उच्च न्यायालय में सुनवाई नाही हो जाला। सर्वेच्च न्यायालय मस्जिद समिति के येह मामिला में इलाहाबाद उच्च न्यायलय में याचिका दायर करे के कहले हवे। न्यायालय ईहो निरदेस दिहले हवे कि मस्जिद क सर्वेक्षण करे वाला एडवोकेट कमिश्नर क रिपोर्ट के सीलबंद लिफाफा में रक्खल जाय अउर एके बिच्चे में न खोलल जाव। न्यायालय मस्जिद समिति के ओरि से दायर याचिका पर सुनवाई करत रहे, जेहमें ओन्नइस नवम्बर के पारित स्थानीय अदालति के आदेस के चुनौती दीहल गइल रहे। स्थानीय अदालति एडवोकेट कमिश्नर के मस्जिद क सर्वेक्षण कइले क निरदेस दिहले रहल।

**********

केन्द्रीय मंत्री सत्यपाल सिंह बघेल प्रदेस के सम्भल में हिंसा के सथहीं अउरियो मुद्दन पर संसद में ब्यवधान पैदा करे बदे आजु बिपक्ष पर सवाल उठवलें। संसद के बहरे उहां के कहलीं कि सर्वेक्षण दल अदालति के आदेस पर मस्जिद पहुंचलें बाकिर सरारती लोगि ओह पर अउर पुलिस पर हमला कइलें। श्री बघेल कहलें कि येह मामिला में जांच बदे समिति गठित कइल गइल हौ। येह बिच्चे समाजवादी पारटी क सांसद डिम्पल यादव सम्भल हिंसा घटना के जांचि क मांग कइलिनि। उहां के कहलीं कि उनकर पारटी संसद में येह मुद्दा के उठावल चाहति हौ।

**********

केन्द्र सरकार कहले हवे कि तेज गति से चले वाली रेलगाड़ियन क डिजाइन अउर निरमाण क काम सुरू कइ दिहल गइल हौ। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव लोकसभा में बतवलें कि येह रेलगाड़ी क अधिकतम गति दुइ सौ अस्सी किलोमीटर प्रति घंटा होई। एकरे निरमाण क लागति करीब अट्ठाइस करोड़ रूपिया प्रति रेलगाड़ी होई।

**********

केन्द्रीय सामाजिक न्याय अउर अधिकारिता राज्य मंत्री रामदास अठावले कहले हवें कि केन्द्र सरकार क योजना से देस क करोड़ो लोगिन के लाभ मिलि रहल हौ। आजु लखनऊ में एगो संवाददाता सम्मेलन के सम्बोधित करत श्री अठावले कहलें कि केन्द्र सरकार क हर घर नल योजना से करोड़ो ग्रामीण लोगिन के साफ पानी मिलि रहल हौ ओहीं आयुष्मान योजना से करोड़ो लोगिन क इलाज सम्भव हो पा रहल हौ।

**********

विश्वविद्यालय अनुदान आयोग जल्दिये स्नातक के छात्रन बदे डिगिरी पाठ्यक्रमन क अवधि कम कइले चाहे ओके बढ़वले क बिकल्प देई। विश्वविद्यालय अनुदान आयोग त्वरित अउर विस्तारित डिगिरी कार्यक्रम बदे मानक प्रचालन प्रक्रिया के मंजूरी दे दिहले हवे। आयोग क अध्यक्ष जगदीश कुमार मीडिया के बतवलें कि त्वरित डिगिरी कार्यक्रम से छात्रन के हर सेमेस्टर अतिरिक्त क्रेडिट पा के कम समय में तीनि सालि चाहे चारि सालि क डिगिरी पवले क मौका मिली।

**********

बनारस में आयोजित तेरहवां राष्ट्रीय बीज कांग्रेस कृषि विभाग के ओरि से यंत्रन क परदरसनी लगावल गइल हौ, जेहमें कई तरह क आधुनिक यंत्रन क परदरसनी कइल जा रहल हौ। परदरसनी में कृषि कार बदे इस्तेमाल कइल जाये वाला ड्रोन खास आकर्सक हौ। किसान ओकर अवलोकन कइ रहल हवें अउर इस्तेमाल क तरीको जनले क कोसिस कइ रहल हवें। तीनि दिन क बीज कांग्रेस क समापन बिहने होई।

**********

गोरखपुर औद्योगिक विकास प्राधिकरण गीडा क पैंतीसवां स्थापना दिवस समारोह बिहने आयोजित कइल जाई। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मौजूद रहिहें अउर उहां के वर्तमान वित्तीय बरिस में गीडा की ओरि से प्रस्तावित निवेस के सापेक्ष पचासी निवेसकन के भूखण्ड क आवंटन प्रमाण पत्र बांटबि। येह मौका पर मुख्यमंत्री गीडा क कई सेक्टरन में दुइ सौ नौ करोड़ रूपिया के परियोजना क सिलान्यास अउर लोकारपण करिहें। मुख्यमंत्री के ओरि से दुइ दिवसीय ट्रेड सो अउर निवेस मित्र पोर्टलो क सुभारम्भ कइल जाये के हौ।

**********

सैयद मोदी इंटरनेशनल एसएचपीसी वाल्र्ड टूर सुपर थ्री हंड्रेड बैडमिंटन चैम्पियनसिप में आजु क्वार्टर फाइनल मैच खेलल गइल। बाबू बनारसीदास स्टेडयम के इंडोर कोर्ट में आयोजित एगो क्वार्टर फाइनल भारत क सीर्स वरीयता प्राप्त खेलाड़ी पी.वी. सन्धु चीन के दाई वांग के एक्कइस–पनरह अउर एक्कइस–सतरह से सीधे सेक्टर में हरा दिहलिनि। पुरूस एकल में लक्ष्य सेन मीराबा लियु वांग मैसनब के एक्कइस–आठ अउर एक्कइस ओन्नइस से हरा के सेमी फाइनल में प्रवेस कइलें।

**********

नौनिहालन के कुपोसण से मुक्त रक्खे बदे बनारस में चारि दिसम्बर से विटामिन–ए सम्पूरण कार्यक्रम बाल स्वास्थ्य पोसण माह क सुरूआति कइल जाई। ई कार्यक्रम तीनि जनौरी ले चली। येह दौरान नौ महिन्ना से पांच बरिस तक क तीनि लाख अट्ठासी हजार लइकन के विटामिन–ए क खोराक पियावल जाई। ई जनकारी ओहां क मुख्य चिकित्साधिकारी डॉक्टर संदीप चौधरी दिहले हवें।

**********